



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 15 oktòb 2013

### **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON LI**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nominasyon Basil Seggos ak Anne Tarpinian. Mesye Seggos pral travay kòm Sekretè Adjwen pou Anviwonman, epi Madan Tarpinian pral travay kòm Sekretè Adjwen pou Anviwonman.

“Mwen kontan anonse nominasyon Basil Seggos ak Anne Tarpinian, ki pral travay pou garanti Eta New York kontinye rete yon lidè ak inovatè nan sektè anviwonman,” te deklare Gouvènè Cuomo. Mesye Seggos ak Madan Tarpinian toulede vini ak kokenn esperyans nan domèn lan, epi travay yo pral reprezante yon pati enpòtan nan kad efò nou pou konstwi yon New York ki respekte anviwonman plis eki pi dirab sou plan sa.”

#### **Basil Seggos**

Mesye Seggos Sekretè Adjwen pou Anviwonman depi mwa fevriye 2012. Anvan li te travay pou Eta New York, Mesye Seggos te travay kòm Vis Prezidan Devlopman Biznis nan Hugo Neu Corporation, yon konpayi kapital prive ki konsantre l sou konstwiksyon ak jesyon biznis teknoloji pwòp. Anvan Hugo Neu, Mesye Seggos te Envestigatè Prensipal ak Avoka Hudson Riverkeeper. Anvan Riverkeeper, Mesye Seggos te travay sou kesyon anviwonman iben nan Natural Resources Defense Council nan New York. Pandan li te nan lekòl dwa, li te travay kòm yon grefye nan White House Council sou Kalite Anviwonman sou Prezidan Clinton. Li se yon ofisye nan Rezèv Lame Ameriken.

Mesye Seggos te di konsa “Gouvènè Cuomo angaje l nan pwoteksyon anviwonman nou an, nan ogmantasyon opòtinite pou spòtif gason ak fanm, ak nan ogmantasyon rezistans kominote nou yo nan move nan ak chanjman klima. Li konprann tou yon anviwonman sen chita sou yon ekonomi sen. Se yon onè pou m sèvi ekip Gouvènè a epi mwen espere ede Administrasyon an reyalize objektif enpòtan anpil sa yo.”

#### **Anne Tarpinian**

Madan Tarpinian gen gwo esperyans nan toulede sektè piblik ak prive epi li rantre nan ekip Gouvènè a ki

Haitian Creole

nan Sena New York la, kote li te travay kòm konseye senyò ki tap sipèvizè yon ekip kap travay sou pwoteksyon anviwonman, enèji, telekominikasyon ak agrikilti. Anvan 15 ane li yo nan Lejislati Eta a, Madan Tarpinian te travay nan Department of Health, U.S. Department of Energy/R.O.W Sciences ak nan State of Vermont Water Resources Board epi tou kòm avoka prive.

Madam Foster Tarpinian te di konsa “Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo pou opòtinite sa li ban mwen pou m travay nan ekip anviwonman li a epi m espere sipòte misyon nou pou pwoteje resous natirèl eta a ak sante piblik pandan n ap vanse ak opòtinite pou fè aktivite lwazi ak spòtif nan tout eta a.”

Frances Beinecke, prezidan Natural Resources Defense Council, te di konsa, “Basil Seggos se yon lidè konpetan, travayè ki gen espètiz sou yon gwo kantite kesyon anviwonman epi li se egzakteman kalte moun ki ka ede Administrasyon Cuomo a pwoteje bon kalite anviwonman ak resous natirèl ki se trezò eta a. Epi nou kontan anpil pou n aprann Anne Tarpinian, yon defansè anviwonman rekoni, nonmen pou l travay ak Basil sou pwoblèm enpòtan kap tann nou yo.”

Marcia Bystryn, prezidan New York League of Conservation Voters, te di konsa, “Basil Seggos ak Anne Tarpinian se kèk nan espè anviwonman ak enèji pi esperimante ki genyen nan New York epi nominasyon yo montre aklè enpòtans Gouvènè Cuomo bay kesyon politik sa yo. Anne ak Basil gen anpil dosye reyalizasyon travay yo fè sou kèk nan pi gwo pwoblèm dirabilite eta a genyen. Nou espere travay ak yo epi kontinye sou menm elan an pou rive nan yon Eta New York pi vèt, pi solid.”

Mesye Seggos ak Madan Tarpinian pral travay anpil ak ekip enèji Gouvènè a, tankou Richard L. Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans, chèf kabinè li, Kate Burson, ak Thomas Congdon, Sekretè Adjwen pou Enèji.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418